

# *ALÒ JEZI TE VINI*

## *EPI LI TE RELE*



Sen Jan, chapit 11, kòmanse ak vèsè 18 la, m swete li.

Kounye a *Betani te toupre laval Jerizalèm*, apeprè *twa kilomèt konsa*.

*E anpil Jwif te vin lakay Mat ak Mari pou konsole yo ak lanmò fré yo a.*

*Lè Mat vin konnen Jezi t ap vini, li pati, li al kontre li. Men, Mari te rete chita nan kay la.*

*Mat di Jezi konsa: Seyè, si ou te la, frè m lan pa ta mouri non.*

*Men, mwen konn sa: menm koulye a, nenpòt kisa ou va mande... Bondye, Bondye va ba ou li.*

*Jezi di li: Frè ou la va leve vivan ankò.*

*Mat reponn li: Mwen konn ke li va leve vivan ankò nan dènye jou a, lè tout moun mouri yo va leve nan rezirèksyon an.*

*Jezi di li: Se mwen menm ki rezirèksyon an, e... lavi. Moun ki kwè nan mwen, yo gen pou yo viv menm si yo rive mouri.*

*E kèlkeswa moun k ap viv, epi ki kwè nan mwen, yo p ap janm mouri. Eske ou kwè sa?*

*Li reponn li: Wi, Seyè, mwen kwè ou se Kris la, Pitit Bondye a. Sila ki te gen pou vini nan lemonn. (E gade sa!)*

*Alò lè l fin di sa, l al fè wout li, epi l rele Mari, sè l la, an sekrè, li di l: Mèt la la wi. Li mande pou ou vin jwenn li.*

<sup>2</sup> Annou lapriyè. Papa ki nan Syèl la, konfime Pawòl sa yo pou kè nou, aswè a, antan n ap tann Ou kounye a. Pawòl Ou, sèvitè W, ak tèks la, tout angaje anvè W, nan Non Jezikri. Amèn.

Nou mèt chita.

<sup>3</sup> Bi pa mwen pou m isi a se pou m eseye ede pèp Bondye a. Pa tèlman tankou pou priye, epi mete men sou malad yo, men ke yo ta ka rekonèt Jezikri nan mitan nou, Pitit Bondye a nan mitan nou. N ap pale aswè a sou sijè sa a: *Alò Jezi Te Vini Epi Li Te Rele.*

<sup>4</sup> Kounye a sou tan n ap pale a, se te yon tan trè tris. Si w te janm li istwa nan lavi Seyè nou an, nou dekouvri ke Li te yon

gwo Zanmi pou gason sa a, Laza. Li te . . . Apre Jozèf te fin mouri, oswa, Li te pati epi L vin viv ak Mat, Mari, ak Laza. E yo te gwo zanmi. Yo te gen . . . Li te tankou yon pastè pou yo, yon—yon vrè Zanmi. Epi yo te fè ti bagay pou L mete, yon manto pou L mete, m kwè, yo deklare, e tout nèt te tise san kouti. Epitou yo te fè dè bagay pou Li, paske yo te kwè nan Li. Se te ke yo—yo te kwè e yo te wè sa. Yo te kite legliz la, e latrìye, pou swiv Li. E sa se te yon gwo bagay nan jou sa a, ke menm pinisyon pou li a te ka lanmò, pou—pou elwaye de li.

<sup>5</sup> Men, Jezi, Kanmarad sa a ki t ap pwomennen jan yo te deklare, ap dechire legliz yo, epi di move bagay sou prêt yo, e—e latrìye, Li te—te fè yo anpil mal, se sa yo te panse. E—e pou menm konfese Li se t ap pou—pou yo mete w deyò nan sinagòg yo. Epi si w deyò nan legliz la, yo—yo te panse ou pat gen okenn—okenn chans pou yedanmsyon. Si w pat fè pati de youn nan sèk yo, tankou Farizyen, Sadiseyen, oswa yon bagay, pat gen okenn yedanmsyon si w te andeyò dè sa. E si yo te gen dwa, kle yo, e yo te ka jis choute w deyò si yo te vle. Se te pwòp pawòl yo sa. Pa sezi Jezi te di: "Noumenm, pa tradisyon nou, te fè Pawòl Bondye a pat gen okenn efè." Ou wè?

<sup>6</sup> E kounye a sa repete ankò, paske nou tout konnen listwa repete tèt li chak konbyen konbyen tan. E sa—sa tris pou di, men sa te pwofetize pou l repete, e l te fè l ankò.

Nou jwenn ke yo pat panse dibyen de Jezi.

<sup>7</sup> Anpil fwa, moun yo vle jije nonm lan ki pa dakò avè yo. Nou pa dwe fè sa. Nou ka pa dakò ak youn lòt, poutan aji an zanmi. Si m pat ka pa dakò ak yon nonm, epi toujou renmen l epi priye pou li, epi pa dakò avè li sou . . . avè l sou baz Lekriti a, epi e pou pi bon konprann, alò m p ap di l anyen. M toujou vle pa dakò avè l, aji an zanmi, paske m renmen l, e sètènman mwen—mwen pa vle l pèdi. E li ta dwe fè menm bagay la avè m; nou pa vle pèdi. E nou dwe baze panse nou yo sou sa Pawòl la di. Se pou Pawòl la vre. Pa kredo pa nou oswa kisa panse nou yo, men sa Li di; pa entèpretasyon prive, jis sa Pawòl la te di.

<sup>8</sup> Lòt jou swa a, m te fè yon bagay e sa te sanble se prèske yon sakrilèj, m kwè se te nan yon dejene ak minis lòt jou maten an. M te mete Jezi nan yon pwosè. M te di: "Jis jan yo te fè l lè sa a, se konsa yo fè l jodi a." Petèt sa t ap bon si m repete l jis pou yon moman, si nou gen tan. Kounye a, m te di, jodi a nou dekovri ke . . .

<sup>9</sup> Nan refòm Luther la, li, nan tan sa a, li te di jis la va viv pa lafwa. "Nonm ki kwè a, limenm, ki genyen L." Men nou te dekovri ke anpil nan yo te di yo te kwè, epi yo pat genyen L.

<sup>10</sup> Nan epòk John Wesley a, si yo te gen dezyèm benediksyon an, yo te rele l, sanktifikasyon, sanktifikasyon antye, yo te vin

kontan epi te rele. "Tout moun ki te rele, te genyen L." Men yo te dekouvri yo pat genyen L. Anpil nan yo te rele, e yo pat genyen L.

<sup>11</sup> Epòk Pannkot la, yo te di: "Kounye a restorasyon don yo vini, batèm Sentespri a. Sila ki pale an lang, te genyen L." Nou dekouvri ke anpil te pale an lang, e yo pat genyen L.

<sup>12</sup> Alò yo di: "Ebyen, fwi Lespri a, se sa L ye." O, non, pa fwi Lespri a. Lasyans Kretyén genyen sa, kote apèn... Lanmou se fwi Lespri a. Apresa, e yo gen plis lanmou pase nenpòt moun, e yo refize Divinite Jezikri; jis rele L yon pwofèt, jis yon nomm òdinè. Ou wè? Kidonk sa pa fè l.

<sup>13</sup> Kite m jis poze kesyon sou sa jis yon minit. Ann pran Jezi nan pwosè. E Bondye padone m pou deklarasyon sa, sou lestrad la, men mwen pral kont Li pou yon minit, jis pou m mennen nou nan Limyè. Ou wè?

<sup>14</sup> "Kounye a m genyen noumenm moun yo isi a aswè a; m ap pale avè nou. Mwen..." (Se retounen nan yon lòt epòk, lè Jezi de Nazarèt te sou latè.) "Mwen vin jwenn nou, epi pou m rezone avè nou kont kammarad sa a, Jezi de Nazarèt. Kounye a nou tout konnen ke Bondye se lanmou. Bib la di se sa L ye. Trè byen, e lanmou an, Lespri a se sipòte ak pasyans, jantiyès, pasyans, dousè, e latriye, ak lanmou. Kounye a m di, m vle mande w yon bagay. Nou pral pran sa—sa nou konnen, yon Kretyen.

<sup>15</sup> "Gade vye prèt nou sa a. Gran-gran-gran-granpapa l te yon prèt. Li te dwe fèt nan liy fanmi Levit yo, pou l yon prèt. Nou dekouvri, kounye a, li pa gen yon lavi jenn gason tankou rès nan nou te genyen. Kisa l fè? Li sakrifye tèt li, li anwo la pou etidyé Pawòl la, Pawòl Bondye a. Li pase ladann, lajounen kou lannwit, lajounen kou lannwit, li dwe konnen chak lèt nan li, chak pawòl nan woulo a. Li dwe konnen l pa kè. Li—li, jis yon bagay sou li ke l dwe konnen.

<sup>16</sup> "Epi, apa de sa, lè papa w ak manman w te marye, kimoun ki te reyini yo ansanm tankou mouche ak madanm? Vye prèt nou an ki gen krent Bondye. Kimoun ki te vin kot papa w lè l te gen bezwen epi te dwe kèk kòb sou fèm lan, ke moun ki pran ipotèk la ta pral pran l? Kimoun ki te kanpe bò kote l? Vye prèt janti w la. Kimoun ki te kanpe bò manman w nan sal la lè l t ap fè w? Vye prèt janti. Kimoun ki vin jwenn ou lè w malad epi w nan bezwen? Vye prèt janti w la. Kimoun ki te beni w epi ki te remèt ou bay Bondye, e ki te fè sikonsizyon pou ou nan uityèm jou a? Vye prèt janti w la. Lè manman w ak papa w te prèske divòse, kimoun ki te fè yo touen ansanm, te kenbe yo ansanm? Vye prèt janti w la. Lè gen pwoblèm nan vwazinay la, kimoun ki okipe sa? Vye prèt janti w la. Sètènman.

<sup>17</sup> "Kounye a vye prèt janti sa a konnen ke Bib la te di ke Bondye mande yon ayo pou yon sakrifis. Anpil nan nou mesye yo se biznismenn, kidonk nou pa leve mouton, poutan Bondye

mande yon mouton. Yo te fè kèk ti etajè anlè la, yo te vann mouton yo konsa biznismenn yo—yo te ka monte al achte l, ap ofri yon sakrifis pou nanm yo, ke Bondye mande.

<sup>18</sup> “Jenn kanmarad yo rele Jezi a, kisa l te fè? Ki kote l soti? Yo di li te fêt, apati yon nesans vijinal. Kimoun ki te janm tandé yon bagay san sans konsa? Nou konnen manman l te genyen l anvan limenm ak Jozèf te fêt, oswa, limenm ak Jozèf te marye, li te fêt. Kounye a nou dekouvri ke li gen yon—li gen yon move non, pou kòmanse.

<sup>19</sup> “Ki kat manm li genyen? Si l te yon nomm ki krenn Bondye, nan ki gwoup li te antre? Lè prêt ou a te etidye, etidye, etidye, etidye, pou l konn Pawòl sa a; men l vin bò isi a, ap chire sa l te konstwi. Èske w t ap rele sa ‘Bondye’? Sètènman non.

<sup>20</sup> “Bon, lòt jou a, lè prêt nou an te fè plas sa la a, sa . . . e pou kote w te ka achte sakrifis la, kisa jenn kanmarad sa a te fè? Jantiyès? Li frape, mete kèk kòd ansanm, len ak kwì, epi l te gade moun yo, ak kòlè; te choute sou tab sa yo, epi frape yo sot la a. Epi w rele sa fwi Lespri a, ap gade yo, ak kòlè? Epi, gade, retire nan men nomm lan okazyon l pou l adore Jehovah! Biznismann lan vle adore Li; li pa leve ayo yo, e li t al la a pou l achte l. Epi l te vire l tounen, epi l te chase yo, epi l te fè yo kouri soti.”

<sup>21</sup> Kimoun ki gen fwi Lespri a la? En-en. Ou wè? Men li. Ou wè, pa fwi Lespri a, pa pale an lang, pa rele.

<sup>22</sup> Ou di: “Kidonk, Frè Branham, kisa ki evidans lan? Kisa ki evidans lan?” Konfirmasyon Pawòl la nan lè a.

<sup>23</sup> Yo te gen Bib la. Li te egzakteman sa Jehovah te di ki t ap rive. Li pa bezwen okenn entèpretasyon. Li te entèprete la a. Men prêt nou yo te la, men tout sa yo te genyen te la, epi tout lòt bagay yo jis sitèlman se abitid epi tout bagay, men poutan yo pat reyisi wè Pawòl la. E Li te fè Pawòl sa viv pou laj sa a. Sa se evidans laj sa a.

<sup>24</sup> Luther te gen evidans pou laj li a, Wesley pou laj li a, Pannkot pou laj li a, men nou nan yon lòt aj. Bagay sa yo bon. Men tankou bebe a, gen yon dwèt, yon je, ak nen, men apre on moman li dwe vin yon èt imen. Li dwe vin yon—yon timoun ki gen matirite; apre se pou l fèt, gen yon nanm, kò, lespri, ka bouje la a.

<sup>25</sup> Kounye a nou dekouvri ke, tout sa, Jezi te deklare, e jis on ti kal, jis sila yo ke L te òdone pou Lavi, te wè L. Pa gwo foul moun; foul moun pa L yo pa ta ka janm renmen vin tankou foul moun Kayif yo. Poukisa, Kayif te ka rasanble tout nasyon an. Jezi te jis rasanble kèk. Pat gen anpil ki te konnen L. Dè milye fwa milye, lè L te vin sou latè, Li t al sou latè, epi yo pat menm janm konnen ke L te isi a.

<sup>26</sup> Se konsa l ap ye ankò! L ap vin jwenn sila yo ke L te rele pou Lavi. Li konn kimoun ki rele pou Lavi. E L pap . . . Se zafè pa L pou L okipe sa.

<sup>27</sup> Kounye a nou remake ke lè sa a yo soti nan legliz la, e yo te kwè L. Tout bagay Pawòl la te di sou Li, men L te la a.

<sup>28</sup> E yon jou Li te kite kay yo. M vle pale de twa bagay: Jezi te pati; lanmò te vini; epi tout lespwa t ale. M vle pale sou twa bagay sa yo pou kèk minit.

<sup>29</sup> Jezi te pati. E lè L te pati, pwoblèm vin antre. Kounye a lè L kite w, oswa kay kote w abite a, pwoblèm sou wout li. Satan gen yon pòt louvri lè Jezi pati.

<sup>30</sup> Li t ale, e—e osito L t ale, lè sa lanmò te antre. E lè Jezi soti, lanmò antre. Pou separe ak Li se lanmò, kidonk lanmò antre lè Jezi te soti.

<sup>31</sup> Epi lanmò te mize bò kote Laza. Epi Sila ke yo te kwè nan Li a e ke yo te renmen, yo te voye chache L pou L vin priye pou Laza, paske yo te wè L e yo te konnen ke L te konnen Bondye, ke: “Kèlkeswa sa, Bondye...” Mat te eksprime sa lòtbò la a, “Kèlkeswa sa W di Bondye kounye a, Bondye ap fè l.” Li te rekonèt ke Li ak Bondye te Yon Sèl. Li te Pawòl la pou lè a, kifè li te rekonèt sa. E l te konnen, si li te ka janm antre an kontak avè L, men Li te pati e yo pat ka met lamen sou Li. E yo te voye chache L, epi, pase pou L vini, Li t al pi lwen. Epi apresa yo te voye ankò, epi, pase pou L vini, Li t al pi lwen.

<sup>32</sup> Pafwa nou mande pou kisa bagay sa yo rive, men èske Lekriti a pa di ke: “Tout bagay met ansanm pou travay pou byen sila yo ki renmen Bondye”? Li konn sa L ap fè. Si L mize, se kòrèk. Li konn sa L ap fè. Te gen yon bi.

<sup>33</sup> Nou dekouvre ke L te di, nan Sen Jan 5:19, “An verite, an verite, M di nou: Pitit Bondye a pa ka fè anyen nan Limenm, sòf sa Li wè Papa a ap fè.”

<sup>34</sup> Papa a te di L pou L ale, epi pou L rete lwen tan kantite jou. Apre jou yo fin akonpli, alò L te di sa L te di lè sa a, ke: “Zanmi nou Laza ap dòmi.”

Epi l te di: “Ebyen, li fè byen.”

<sup>35</sup> Li te di: “Li mouri. E poutèt nou M kontan M pat la a.” Paske, yo tap eseye fè L al jwenn li, pou geri li oswa di kisa ki pou te fèt. Men Li te konnen kisa ki pou te fèt, kidonk Li te fè jis egzakteman sa Li te resevwa lòd pou L fè: rete lwen. Si nou remake L nan tonm lan lè Li tounen. Li te eksprime ke lè Li te tounen epi L te jwenn kay sa a.

<sup>36</sup> Tout lespwa te ale. Laza te mouri. Chak lè, yo te ret ap panse: “Li te ka vini sou sèn lan. Li te ka vini sou sèn lan. Li te ka tounen.” Alafen, li te mouri, souf la te kite li.

<sup>37</sup> Yo te soti, te anbome li, retire san an nan kò li, te vlope li nan twal len, epis, epi te anbome li epi te lonje l anndan tonm lan, mete yon wòch sou tonm lan, ki te koutim yo nan antere nan jou

sa yo. Yon twou nan tè a, jis petèt nan wòch la, epi poze yon wòch sou tèt li, sa se te koutim yo.

<sup>38</sup> Premye jou te pase, dezyèm jou te pase, twazyèm jou te pase, katriyèm jou te pase, nonm lan te deja ap dekonpoze nan tonn lan. Nen l te petèt rantre fon. Sa a, m panse se premye bagay ki rantre fon, se nen an. E l te deja dekonpoze. Chè li—li te retounen nan pousyè a, tè a, oswa t ap retounen. Nanm li te fè on vwayaj kat jou yon kote, soti nan li.

<sup>39</sup> Tout lespwa pou janm wè l ankò, nan vi sa a, te ale. Epi lè tout lespwa te ale... Yo te tann: "Petèt si L ap vini premye jou an, dezyèm jou!" Non. Alò l te mouri, e Li pat vini. Apresa dezespwa mete pye.

<sup>40</sup> Apre yon moman te gen yon moun ki dwe te di l: "Mèt la deyò a." Men Mat ki desann nan lari a!

<sup>41</sup> Jezi te vini nan lè fènwa sa a lè tout lespwa te ale. Dabitid se lè sa a Li vini. Ou wè? Li vini jis nan moman ki pi fènwa sa a, apresa Jezi parèt sou sèn lan.

<sup>42</sup> Kounye a gade, Li vini epi te rele Mat. Prezans Li te mennen nouvo lespwa. Sa pa enpòtan si ti gason an te mouri, sependan Prezans Li mennen nouvo lespwa.

<sup>43</sup> Ou te ka chita isi a aswè a, zanmi m, kote doktè yo te ba w vag, ak kansè, pwoblèm kè. Petèt nan yon chèz, enfim, tout lasyans te di pa gen lespwa pou ou; depo kalsyòm la te—te fè ne nan zo ou—ou—ou, ke w pa ka plwaye yo ankò. Oswa, swa se kè w—w ki sitèlman mal, doktè a di ou te ka ale a nenpòt minit. O, epi gwo gwoup moun ak kansè epi Tibèkiloz, petèt dènye lespwa ou genyen, e sanble tankou doktè a te rejte w. Poutan, pou w nan Prezans ak rekonesans Prezans Jezikri a, sa mennen lespwa ankò.

<sup>44</sup> Yon moun ka menm nonmen l ba ou. Petèt ou pat janm tande l anvan, men kite yon moun di: "M konnen kote gen yon legliz, yo kwè nan Bondye epi yo priye pou malad yo," byen vit (Kounye a, ou pare pou mouri. Ou wè?), nouvo lespwa parèt. Sa toujou fèt. Nan lè fènwa sa a, se lè sa a dabitud yon moun di yon bagay sou sa, pale w de Jezi. Prezans Li te pote nouvo lespwa.

<sup>45</sup> Ke l fè menm bagay la aswè a, jan l te fè yè swa. Lè nou wè Pawòl konfime sa a depase tout lonbray dout, ki te manifeste, epi te pwouve ke Jezi *sa a* ki te viv sa fè milnèfsan zan, ki te mouri sou Kalvè, te leve vivan nan twazyèm jou an, epi te parèt devan disip sa yo epi te louvri je yo, epi te fè pwomès sa a sou jou a, Li isi a menm aswè a nan prezans nou kounye a, sa oblige pote lespwa bay moun yo. Nouvo lespwa jayi.

<sup>46</sup> Petèt yon moun te di: "Legliz te on jan sèk pandan yon moman. Nou pat gen pyès bon dlo fre pandan—pandan—pandan kèk mwa. Nou pat gen on revèy. Sanble tout moun sitèlman kole pa bouje, oswa yon lòt bagay. Nou jis al legliz epi chante yon

kantik, epi—epi tandé kèk mesaj epi retounen.” Men toudenkou, lè sa a, lè nou kòmanse vin sèk, lè sa a Jezi vini sou sèn lan, rafrechi nou, pote yon bagay nouvo pou nou. Li toujou la pou fè sa. Nouvo lespwa vini lè—lè Jezi antre. Prezans Li pote nouvo lespwa.

<sup>47</sup> Li te konnen ke Li te Pawòl Bondye manifeste sa a. Li te wè laj sa a. Oswa, si l pa ta wè l, li t ap toujou Òtodòks. Li t ap toujou fè pati de legliz la. Men l te wè Pawòl sa a ki te pwomèt. Li te wè Pawòl sa a ki te pwomèt ki manifeste pa Limenm e li te konnen ke Li te Pawòl vivan sa a. E lè li te tandé pale de sa, li pat okipe kijan anpil moun te kritike l, ki lòt bagay, li te soti al kote L jis otan li te kapab ale. Ou wè? Li te konnen Li te Pawòl manifeste sa a.

<sup>48</sup> Pa gen dout ke sa l te li nan istwa Eli a nan epòk li a. Kounye a, li te Pawòl manifeste Bondye a nan jou sa a. Li te yon pwofèt, e Pawòl Seyè a vin jwenn pwofèt la. E te gen yon madamn anndan la a ki te gen yon ti bebe ke yo te ba li pa yon benediksyon ke pwofèt la te beni l avè li, e li te gen timoun lan.

<sup>49</sup> Yon jou, nan onzè yo, li dwe te dekonpoze anba solèy. Li te deyò nan chan an ak papa l, Bib la pat di se sa l te ye, li di ke se te dekonpoze anba solèy, men li kòmanse kriye: “Tèt mwen! Tèt mwen!” nan onzè yo nan jounen an. E li te gen yon sèvitè, papa a te genyen, pou pran li al nan kay la. Li te lonje sou kwis manman l jouk nan midi yo, li te vin pi malad epi pi malad, epi alafen li te mouri.

<sup>50</sup> E kounye a, pase li tonbe nan dezespwa, . . . tout vwazinay yo vin ap rele epi kontinye, men manman fèm sa a, bebe l la te mouri, li te pran l monte nan ti chanm sa a ke l te bay pwofèt la, epi te lonje l sou kabann li, *konsa*. Epi li te di sèvitè a: “Sele yon milèt pou mwen, epi ale tou dwat, epi piga w kanpe sòf si m di w fè l.” O la la! Se sa!

<sup>51</sup> Nou pa gen tan pou n fè deba epi ajite. Jou sa a pase. Ann kontinye. Nou dwe rive la. Nou gen on bezwen.

<sup>52</sup> E kidonk li te di: “Avanse, epi piga w lage monti a sòf si m kòmande w fè l.” Epi yo t ale jouk yo rive al jwenn Eli.

<sup>53</sup> Eli, ki te yon òm de Dye, pa tankou Kris; Kris te konn tout bagay, paske Li te Bondye. Eli te yon pòsyon Bondye. Se te Kris nan Eli. E sa se te mesaj pou lè a, paske Pawòl Seyè a pou lè sa a te ak pwofèt sa a.

<sup>54</sup> Jezi se te totalite tout pwofèt sa yo, chak gress nan yo te sèlman manifeste L. Se tou. Nèt ale depi Joseph, depi trant pyès an ajan yo, tout kote, li—li te bay pòtre Kris. Se sa Moyiz te fè!

<sup>55</sup> David, ki te chita kòm yon wa yo te rejte sou bit la, t ap kriye paske yo te rejte l. Uisan lane apre sa, Fis de David la te chita sou yon bit. Sa se te Lespri Kris nan David la a. Epi Li . . . O la la! Li te toude ni Rasin ni Desandans David. E se konsa Li te chita sou

bit la, ap kriye, tankou yon Wa ki rejte: "Jerizalèm, Jerizalèm, konbyen fwa m ta vle pran w anba zèl Mwen, menm jan yon poul fè l pou kouve li." Kisa l te ye? Se te Kris lè sa a.

<sup>56</sup> Se te Kris ki t ap kriye lè David te ekri kantik la: "Bondye Pa M lan, poukisa W abandone Mwen? Tout zo M yo, yo kale je yo sou Mwen. Yo te pèse pye M ak men M yo. Yo te separe rad Mwen yo antre yo. Yo tire osò pou rad Mwen." Sa se te Kris ki tap pale nan David. Se vre. Li te manifestasyon Pawòl la. Kris vini pou akonpli bagay sa yo ke pwofèt yo te pale, paske Pawòl la te ak pwofèt yo.

<sup>57</sup> Li te di sa nan lesyon yè swa a, ke Li vini pou akonpli sa pwofèt yo te di sou Li, paske yo te gen Pawòl la. E Eli te pwofèt Bondye, Pawòl la pou jou sa a.

<sup>58</sup> Kidonk fanm Sinamit la te rete ak pwofèt sa a jiskaske li vini epi l te manifeste pwisans Bondye a, epi l te lonje kò li sou bebe a, epi bebe a rejwenn lavi.

<sup>59</sup> Kounye a Mat dwe te rekonèt sa, menm lè li te okipe ap pran swen yon kay, lave vesò, e latrìye. Men la a li te montre koulè li. Li te montre toutbon kisa ki te nan li. Li t al chache L imedyatman. Si Bondye te nan Eli, Bondye te dwe nan Kris, paske Li te pwouve ke L te Moun sa a. Amèn. M renmen sa, detèminasyon sa a! L al jwenn Li. Li te dwe rive sou Li. E li dekouvrir la a, antan li rive sou Li—sou Li; kounye a sonje, li te konnen ke L pat janm chanje, ke Bondye pa janm chanje pwogram Li. Si Li te nan Eli epi L te ka leve mò yo, Li te nan Kris e L te ka leve mò yo, menmsi L pat fè l, paske se menm Bondye a.

<sup>60</sup> Nitou Li potko chanje! Jis menm Bondye a aswè a otan L te janm ye. Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Li pa chanje.

<sup>61</sup> E Li te konnen ke l te konnen ke sa te nan Li. Gade, jis nan kèk minit sa te pwouve l, lè l te di L on bagay sou frè l la, epi li te di: "Seyè, mwen—mwen kwè ke se Ou."

<sup>62</sup> Epi L te di: "Mwen se Rezireksyon an ak Lavi a. Menm si l te mouri, poutan li va viv. E kèlkeswa moun k ap viv epi ki kwè nan Mwen li pap janm mouri. MWEN YE." Sa se MWEN YE a ki te nan touf bwa ki t ap boule a, ak Moyiz. "Mwen se Rezireksyon an. Mwen se Lavi a. M te Miray la. M toujou Limenm. M se Rezireksyon an ak Lavi a. Sila ki kwè nan Mwen, menm lè li te mouri, poutan li va viv. Kèlkeswa moun ki viv e ki kwè nan Mwen, li p ap janm mouri." Apre gran asirans sa ke l te genyen, ke Li te Pawòl pwomès la; lè L te di, etan yon Pwofèt, Li pat ka bay manti; se poutèt sa Limenm, lè L te di: "Mwen se MWEN YE a. Mwen se Sila ki se Rezireksyon an ak Lavi a."

<sup>63</sup> Li te di: "Mwen kwè ke W se Sila a, Pitit Bondye a ki te dwe vini nan mond lan. Menm si frè m lan mouri, lonje deyò a la a nan tonm lan, li se . . . kò l ap dekonpoze kounye a; men menm kounye a, kèlkeswa sa W di, l ap rive." Se vre!

<sup>64</sup> Tout sa l te vle se te tande L di l! Amèn. O, Mat, ki kote nou ye aswè a? “Jis pwononse Pawòl la; sèvitè m lan ap viv!” Jis tande L di l! Yo ka te vin di l Li te di l, men men L te isi a Limenm. O Bondye, louvri je avèg yo, konsa yo ta kapab wè! Lè Li, nan Prezans Li, pwononse Pawòl la, bagay la toujou manifeste.

<sup>65</sup> Li te di: “Kèlkeswa sa W mande Bondye, Bondye ap ba Ou l. Jis kite m tande!” Li te vle L di Pawòl la. Se tout sa l te vle tande. Jis gen Pawòl la, se tout sa l te bezwen, se te tande L di Li t ap fè l.

<sup>66</sup> E Li t ap fè l la menm, men, ou wè, pa vizyon an ke Papa a te montre L, Li te dwe kanpe bò kote tonm lan. O la la! Kenbe lafwa w! Bondye ap travay pou tout bagay kòrèk. Sa pral kòrèk. Jis tann jouk li rive nan tonm lan.

<sup>67</sup> Remake, li te jis ka fè L di l, menm lè poutan li te . . . Tout lespwa te ale, tout bagay nèt. Li te mouri, ap pouri nan tonm lan, men jis tande L di l, se tout sa l te vle.

<sup>68</sup> Kounye a lè L te di: “M se Rezirèksyon an ak Lavi,” li te kwè l. Li te kwè l. Bon remake, kounye a l te dwe kwè pou sa ki enposib yo, lè li te tande L di: “M se Rezirèksyon an ak Lavi. Menm si li te mouri, poutan li va viv, e kèlkeswa moun ki viv epi ki kwè nan Mwen p ap janm mouri.” Li te di: “Èske w kwè sa?”

<sup>69</sup> Epi l te di: “Wi, Seyè, m kwè l. M kwè ke W se Pitit Bondye a ki te dwe vin nan mond lan.” M renmen sa. M renmen sa.

<sup>70</sup> M—m te di sa anvan. Li te ka kanpe ankò kounye a. M t ap pale ak on madam sa pa fè lontan, se te on sèten legliz ke m te pale de li sa fè on moman, ki pa kwè ke L te Bondye, Divinite Li; Li te jis on pwofèt, yon nomm òdinè.

<sup>71</sup> Li te sa, vrèman. Li te sa, plis Bondye. Ou wè, Li te manifestasyon an. Jezi se kò a, Ti Gason an, Òm lan; Bondye se te sa ki te abite nan Li a. Bondye te nan Li. Li te yon Bondye-òm. Li te yon Òm, poutan Li te Bondye manifeste nan lachè. Lè nou wè Jezi, nou wè Bondye. Se sa L te di: “Lè nou wè Papa a . . . wè Mwen, nou wè Papa a.” Paske, Li te reflè a, paske Li te Pawòl la, amèn, ki te nan kòmansman an. Amèn.

<sup>72</sup> Li te rele pwofèt yo: “bondye.” Èske nou konn sa? Li te di: “Nou rele yo ‘bondye’ sila ke Pawòl Bondye a vin jwenn. Kijan nou ka kondane M lè M di: ‘M se Pitit Bondye a’?”

<sup>73</sup> Paske, menm Pawòl la te di Li t ap la a, e men Pawòl la ki te manifeste ankò. Epi yo toujou pa t ap kwè l.

<sup>74</sup> Madanm sa a te di m: “M ka pwouve w.” Li di: “M renmen tande w ap preche, men gen yon sèl bagay ou fè twòp.”

“Ebyen, kisa sa ye?”

Li di: “Ou fè djolè twòp sou Jezi.”

<sup>75</sup> M di: “M espere se tout sa Li gen kont mwen lè L vini.” Epi li di . . . M di: “M espere se tout sa Li ka, fot Li ka jwenn nan

mwen.” M di: “Si m te gen dimil lang, m pa ta ka pale ase, o la la, de sa L ye!”

Li di: “Men, ou, ou fè L Bondye.”

<sup>76</sup> M di: “Se sa L te ye. Oswa, si L pat sa, Li te pi gran blofè mond lan te janm genyen.”

Li di: “Li te on pwofèt.”

<sup>77</sup> M di: “Li te on Pwofèt, se vre: yon Bondye-pwofèt, Pawòl la an plen. Pwofèt la te jis gen Pawòl la ki vin jwenn li, se sa ki fè l—te fè l on pwofèt. Men Li te Pawòl sa an plen.”

<sup>78</sup> Epi l di: “M ka pwouve w.” Li di: “Ou fè L Diven.”

M di: “Li te Diven.”

Epi l di: “Li pa ka Diven.”

M di: “Li . . . Men se sa L te ye.”

Li di: “Ou te di w te kwè Bib la.”

M di: “Mwen kwè L.”

<sup>79</sup> Li di: “M ap pwouve w, pa pwòp Bib ou, ke L pat Diven.”

<sup>80</sup> M di: “Fè l. Si Bib la di sa, alò m ap kwè l, paske m kwè ke Pawòl la vre.”

<sup>81</sup> Li di: “Pandan L te sou wout pou al nan tonm Laza a, ou sonje sa nan Sen Jan 11?”

M di: “M sètènman sonje, madam.”

<sup>82</sup> Li di: “Ebyen, kounye a, sou wout desann lan, Li te kriye. Bib la te di: ‘Li te kriye.’”

M di: “Sètènman, Bib la te di L te kriye.”

Li di: “Kijan L te ka Diven epi kriye?”

M di: “Li te imen.”

“Imen ak Diven?”

<sup>83</sup> M di: “Wi, madam. Ou echwe pou wè. Li te yon—yon nonm ki ta pral la a, ap kriye ak sila yo ki t ap kriye, se vre, ap soufri ak sila yo ki te soufri. Li te yon nonm. Men lè L te drese ti kò frèl Li a, epi L te di: ‘Laza, soti la,’ e yon nonm ki te mouri depi kat jou, te kanpe sou pye l. Sa te pran plis pase yon nonm, sa se te Bondye nan Lòm.” Kimoun ki ka leve mò yo ankò, ke Bondye? Li se Rezirèksyon an ak Lavi a! Se vre.

<sup>84</sup> Nwit sa a sou lanmè a, lè L te deyò a la, fatige, lonje nan dèyè bato a, kote dimil demon te jire yo t ap neye L nwit sa a, e vye ti bato sa k ap ajite tout kote tankou on bouchon lyèj la a sou on lanmè ak tanpèt. Dyab sa yo te panse: “Nou pran L kounye a. Li nan dòmi; n ap koule tout gwoup la.” O, Li te on nonm, fatige, men lè on fwa L te leve, Li te mete pye L kanpe sou kòd vwal la, epi L te gade anlè epi L te di: “Lapè, ret frankil,” epi van yo ak vag yo te obeyi L. Sa se te plis pase on nonm.

<sup>85</sup> Li te yon nonm lè L te grangou, desann sot nan mòn lan, ap chache yon moso pen oswa yon bagay pou manje, oswa yon fig sou yon pyebwa. Men lè L te pran senk biswit ak de pwason, epi L te nourri senk mil, se te Bondye nan Òm sa a. Se vre.

<sup>86</sup> O, chak nonm ki te janm leve tèt yo wotè on bit gress pwa te kwè sa, tout powèt yo ki te kwè sa. Pa etone youn te ekri:

Vivan Li te renmen m; e nan mouri, Li te sove  
m;  
Antere, Li te pote peche mwen byen lwen;  
Nan leve vivan, Li te jistifye gratis pou tout  
tan;  
Yon jou L ap vini—O, jou glorye!

<sup>87</sup> Eddie Perronet, ke chante l yo pa t ap vann. Yon jou, ap mache de bò anba enpak Sentespri a, te pran on plim, li te ekri chante inogirasyon an, lè l te ekri:

Se pou tout moun aklame pwisans Non Jezi a!  
Se pou Zanj yo tonbe pwostène;  
Pote dyadèm wayal la vini,  
Kouwone L Seyè tout bagay! (Alelouya!)

<sup>88</sup> Sètènman, se sa nou kwè L te ye. Wi, mesye.

<sup>89</sup> Li te dwe kwè pou bagay enposib yo kounye a, pou panse modèn jou sa a. Alò èske w dwe kwè pou bagay enposib yo, pou wè nouvo Lavi, pou wè on bagay rive. Men si L te rekonèt . . . Li te rekonèt Li kòm etan Pawòl la, alò bagay enposib yo ka rive, paske Li se Kreyatè a, e L ap kanpe bò kot tout bagay Li te di.

<sup>90</sup> “E tout bagay posib a sila yo ki ka kwè.” Sa se Pawòl Li. Men bagay enposib yo te manifeste lè yo pran Bondye sou Pawòl Li. Wi, mesye. Lè yo pran Bondye sou Pawòl Li, bagay enposib yo ap—ap manifeste. Lè Bondye di sa pral la a, alò pran Pawòl sa a epi gade kisa, bagay enposib yo ap rive. L ap fèt sètènman.

<sup>91</sup> Men remake, menm nan tout sa, li te di: “Menm kounye a, Seyè, kèlkeswa sa W mande Bondye, Bondye ap fè l.” Li te konnen ke li te ka jis fè Pawòl sa sot nan Li. Se tout sa li te bezwen fè, se te jwenn Pawòl sa a. Wi, se te lè ki pi fènwa li, e Jezi vin la epi te rele. O, ala on bagay yo te wè, yon rezirèksyon!

Ann gade kèk anplis kote lè fènwa yo vini.

<sup>92</sup> Te gen yon nonm on fwa, ki te rele Jòb, youn nan pi ansyen pwofèt nan Bib la. Li te on gwo nonm. Li te—li te renmen Seyè a, e li te fè tout sa li te konnen pou l fè. E Satan te vle vannen l, kidonk li te di Bondye yon jou . . . Ya, Bondye te di l, pito: “Kote w te ye, Satan?”

<sup>93</sup> Li te di: “O, ap ale vini epi monte desann sou latè.”

<sup>94</sup> Li te di: “Èske w te konsidere sèvitè M Jòb? Pa gen pèsòn tankou l sou tè a. Li se yon òm pafè.”

<sup>95</sup> “O,” li te di: “sèten, Ou ba l tout bagay, fè tout bagay pou li. Sètènman, li se yon gwo nonm. Men kite m genyen l on fwa, m ap fè l chanje diskou. M ap fè l modi W, nan figi W.”

<sup>96</sup> Li di: “Ou pa ka fè l.” Sa se konfyans Li nan on kwayan. Poukisa? Li enfini. Li Etènèl. Li konn fen an depi nan kòmansman an. Li te konnen Satan pat ka fè l. Paske, Li se Pawòl la, Li te konn kisa Jòb t ap fè.

<sup>97</sup> Kounye a, sonje, Jòb, li te pete kò l ak bouton klou, te touye ptit li yo, te pran tout sa l te genyen. Sante l te ale. Menm konsolatè l yo te vini, e yo pat ka fè anyen ke jis akize l kòm etan yon pechè sekèrè. Epi vye Jòb te rive nan on plas konsa jouk li te vin sitèlman nan detrès.

<sup>98</sup> Ou dwe vin an detrès, an premye. Ou dwe rive nan on moman kote w nan fen wout la.

<sup>99</sup> Jòb te rive nan fen wout la, lè l te di: “Ke jou m te fèt la modi. Ke solèy la pa menm klere, e ke lalin lan pa menm klere lannwit, ke yo pa janm site non an.” E nan detrès sa a, lè sa Jezi te vini. Li te gad anba, epi l te di: “M wè, tankou yon nonm, yon flè mouri, epi l leve ankò nan prentan an. Si on pyebwa kraze tonbe, li monte ankò atravè sant dlo a.” Li te wè tout lavi plant yo k ap viv ankò, men l te di: “Yon nonm lonje, li rann lam, kote l ye?” Li te konnen l te yon vye grammoun. Li te di: “Ptit gason l yo vin fè dèy sou li, epi l pa wè sa. O, si W te vle kache m nan tonm lan epi kenbe m nan plas sekèrè a, jouk kolè W fin pase. Fikse on lè pou mwén epi tabli on lè pou mwén. Nou t ale . . .” Epi kontinye konsa, ap pale. Li te nan fen, detrès li a: “Kisa ki t ap pase? Fèy yo viv, yo tounen nan pyebwa yo, flè yo tounen ankò, tout lòt bagay vini, men yon nomm lonje epi rann lam!” Li te nan detrès. Li pat konnen kisa ki te ka rive l, e li nan laj sa a.

<sup>100</sup> Lè l te fè l, lè sa Jezi te vini. Bondye vire tèt li nan direksyon syèl la, epi l te wè Jezi k ap vini nan dènye jou yo.

<sup>101</sup> Lè ki pi nwa sa a lè madanm li te di: “Modi Bondye epi mouri mouri w,” poutan l te di: “Madanm, w ap pale tankou yon famm ki fou. Seyè a te bay, epi Seyè te retire, se pou Non Seyè a beni.” Menm madanm li te rejte l. Legliz li te rejte l. Tout moun te rejte l.

<sup>102</sup> Nan lè fènwa sa a, kote l pat konnen ki kote l ta prale apati de la a, Jezi te vin la. Alò l te rele: “Mwen konnen Redanmtè m ap viv, e nan dènye jou yo L ap kanpe sou tè a. E menm lè apre vè sou po a detwi kò sa, poutan nan lachè m mwén va wè Bondye, Ke m va wè pou tèt pa m.” Nan lè ki pi nwa a, lè sa a Jezi vin la. Wi, mesye.

<sup>103</sup> Moyiz, pou Moyiz, lè ki pi nwa a vin pou li nan Izrayèl. Li te dwat nan liy devwa a; li te rankontre Bondye anwo la a nan touf bwa a, epi Li te di: “MWEN SE MWEN YE A.” Li te desann epi te goumen nan tout kalite imitasyon de Jannès ak Jambrès, ap eseye imite travay li. Tout sa, li te kanpe fidèl ak Bondye. Li

te finalman rive fè Izrayèl kwè. E men li ki soti nan Lejip, ap monte nan—nan tè pwomiz la, kote Bondye te di: "W ap adore M sou mòn sa." Se te Pawòl Bondye a. Moyiz te konnen li te dwe al nan mòn sa. Amèn. Bondye te di sa! Okenn Farawon pa ka touye l. Okenn demon pa ka touye l. Anyen pa ka touye l. L ap vin nan mòn sa. Amèn! Alelouya! M santi m reliye. Li pral nan mòn sa.

<sup>104</sup> Kidonk èske nou sou wout nou pou Glwa a! Anyen pa pral kanpe nou. Non, mesye. Bondye pral konfime Pawòl Li. Sa pa gade m kisa k rive a, Li pral fè l, kanmenm. Wi.

<sup>105</sup> Sou wout li, dwat nan chimen devwa a. Men li, kwense nan mitan mòn yo. Li koute epi l tandem yon gwonde dèyè l. Kisa l ye? Cha Farawon yo, pa milye, ap vini; ame, ak lans ak bagay, pou monte kraze yo epi pile yo atè. Men Lamè Wouj la, te koupe pasaj li. Kisa l te fè? Li te vin nan de... Li te vin nan detrè. Tout pèp la ap rele: "O, nou chire kounye a. Farawon pral touye nou, li pral rache nou ak epe li yo. Bebe nou yo pral mouri isi a nan dezè a."

Moyiz te rele: "O Bondye!"

<sup>106</sup> Epi Jezi te vin sou sèn lan. Li te Kolòn Dife a. Se vre. Li desann epi L te pandye nan mitan limenm ak danje a. Amèn. Li se Entèmedyè nou. Li se Sila ki kanpe nan mitan an, amèn, yon Medyatè. Men Li ki te kanpe la, kanpe la; fènwa pou Ejipsyen yo, sila yo ki tap vin eseye fè on bagay sou sa. Li te Limyè pou yo, pou pase. Apresa nan demen maten lè van an te kòmanse ap soufle vrèman fò, nwit sa, alò kisa L te fè? Li te vin nan fòm Kolòn Dife a.

<sup>107</sup> Sonje, Li toujou Kolòn Dife sa a. Wi, mesye. Lè Li te sou latè, Li te di: "M sot nan Bondye, e M pral jwenn Bondye."

<sup>108</sup> E aprè lanmò Li, antèman Li, rezireksyon Li, ak leve monte Li; Sen Pòl, sou wout dessann li pou Damas, li te frape atè pa Kolòn Dife sa. Sonje, li te yon Ebre. Li pa tap di sa... Li te di: "Seyè, Kimoun Ou ye?" S majiskil-e-y-è, Elohim. "Kimoun Ou ye ke m pèsèkite a?"

Li te di: "Mwen se Jezi."

<sup>109</sup> Amèn! Alelouya! Li se Premye an epi Dènye an. Li toujou menm lan. "On ti moman epi mond lan p ap wè M ankò, poutan n ap wè Mwen. M ap avè nou, menm nan nou." Menm Kolòn Dife a, menm Bondye k ap fè menm bagay la, ak menm pwomès la, amèn, ap fè Pawòl Li manifeste. "Mwen se Rezireksyon an ak Lavi. Mwen se Sila ki Te Ye, Sila ki La, ak Sila ki Va vini an." Wi, mesye. Ya.

"Papa nou manje lamàn nan dezè a."

<sup>110</sup> Li te di: "Yo, yo chak, mouri. Men, MWEN SE MWEN YE SA A." Moyiz... Nan touf pyebwa ki t ap boule a, se te MWEN YE a. Li toujou MWEN YE a, pa Mwen te ye; MWEN YE, o prezan, tout tan.

<sup>111</sup> Nou dekouvrir isi a ke Moyiz te kwense dwat nan kwen sa a, e Kris la te desann. Kounye a, e Bib la te di ke, ke “Moyiz te estime repwòch Kris la—la pi gran richès pase trezò Lejip yo.” Repwòch Kris la! Kris te Onksyon an, Logos la ki te soti nan Bondye. Anj lan, nenpòt moun ki li Bib konnen ke Anj sa a se te Kris. E men Li te nan dezè a, e Li te vin sou sèn lan, nan fòm ke Li te sipoze manifeste ladann lan. Glwa pou Bondye!

<sup>112</sup> Li vin jodi a nan fòm lan, menm Kris la, manifeste ladann.

<sup>113</sup> Li te di yo Li tap fè yo soti. Li tap fè l. Men L vini pou kanpe bò kot Pawòl Li, pou konfime L. Alò apre L te fin vini, tankou L te fè pou Mat, alò Li te rele. Li te di: “Moyiz, poukisa w ap rele ban Mwen? Pale ak moun sa yo, epi avanse.” Nan lè fènwa sa a, Lamè Wouj la te louvri epi yo te travèse, nan vwayaj yo pou akonpli Pawòl Bondye a. Wi, nan lè pi fènwa Moyiz la, lè sa a Jezi vini. Nou gen tan kounye a... Epi Li te rele Moyiz.

<sup>114</sup> Nou vle atire atansyon nou sou yon lòt ti nonm. Non li se te Jairus. Gen tèlman anpil nan yo nan mond lan jodi a. Li te kwè an sekrè. Li te renmen Jezi. Li te tandem pale de Li. Li te kwè Li. Men, ou wè, li te deja antre tèt li nan yon òganizasyon. Ya. Li—li—li jis... Li pat ka soti epi konfese l. Li te kwè l, men li pat ka konfese l, kidonk li te fin antre al jwenn ak enkwayan yo. Men li te vrèman kwè l.

<sup>115</sup> Nou konnen, lè yon nonm rive nan kondisyon sa a, pafwa Bondye mennen l nan konfwontasyon an. Se nan detrèse se lè nou vrèman montre koulè nou, sa nou ye vrèman.

<sup>116</sup> Kidonk men li te la a, li te deja antre al jwenn enkwayan yo, e li te fin ale lòtbò a epi mete non l nan liv la, e latriye. E li te yon prêt, e kidonk li—li jis pat ka apèn fè yon konfesyon, paske se te tikè manje li. Kidonk, men li te toujou kwè Jezi.

<sup>117</sup> Yon jou, ti pitit fi l la te vin malad. O la la. Li, pa gen dout nonm lan, si li... konsa, tap rele doktè a. Doktè a vini, li te okipe timoun lan. Lafyèv li a vin pi mal ak pi mal. Apre on moman li te vin tèlman cho, ak tout bagay, alafen li te rive nan pwen lanmò. Li te nan detrèse. Li te dwe fè yon bagay. Li—li jis pat konn kisa pou l fè. Kounye a li te panse: “Si m te ka sèlman jwenn Li, kèlkeswa kote L ye a.” Kounye a li pat janm tann jiskaske li vin lannwit, tankou Nikodèm te fè a, pou gen yon entèvyou prive. Se te tan pou fè aksyon, tan an te vini pou aksyon e li te dwe aji lè sa a.

<sup>118</sup> E m panse, frè, sè, se menm bagay la kounye a. Tan an vini pou aksyon. Tan an vini pou kwè oswa pa kwè. Liy separasyon sa a vini pou chak gason ak fanm. Li vini pou chak timoun. Pafwa lè nou pase liy sa a, gen sèlman yon sèl bagay ki rete, se jijman, lè nou pase nan mitan mizèrikòd ak jijman, lè nou pase liy sa a.

<sup>119</sup> Sonje, li te vin nan detrèse. Li pat konn kisa pou l fè. Men prêt li yo te kanpe la a, tout raben yo kanpe nan viwonn li. Fratènité

a te avè l, tout anba la a, ap gade ti ptit fi li k ap mouri. Doktè a kanpe sou deyò, ak men l kwaze, ap souke men li: "M te bay tout medikaman ke m te konnen, e poutan . . ."

<sup>120</sup> Ou wè, se te Jezi ki t ap travay tout tan an. Jezi t ap fè sa pou yon objektif, pou fè koulè a soti nan ti kanmarad sa a. Apre yon moman, m ka wè l al chache ti chapo nwa li epi mete l sou li, mete ti manto prêt li sou li.

"Kote w prale?"

<sup>121</sup> "Mwen . . . M te tande Li laba bò rivyè a. M pral dèyè L!" O la la! Li te pati!

<sup>122</sup> Nan lè detrès sa a, li te dwe pran yon desizyon: kite ptit li mouri, oswa li te konnen se te manifestasyon Pawòl la. Li te yon prêt, e li te li Pawòl la, e li te konnen ke se te manifestasyon Bondye. Bondye te nan Kris, ap rekonsilye mond lan ak Tèt Li. Li te konn sa, e li te fose fè fas a kesyon an. Li te dwe fè yon erè, kite ptit li mouri, oswa fè konfesyon li. Lè l te vin nan detrès sa a, se te apeprè nan moman sa a ke Jezi te vini. Li t al wè Li. Li te di—Li te di: "M pral avè w, kèlkeswa sa w di a." E la sou wout la, men yon mesaje vini, ala yon bagay sonb. Li te fè konfesyon li, ke li te kwè Li. Li te fin eskominye tèt li lè sa a, epi mete tèt li nan je publik yo lè sa a, ke li te yon kwayan nan Jezi.

<sup>123</sup> E men yon mesaje vini, li te di: "Pa deranje pèsòn, paske ptit fi w deja mouri. Li te mouri yè. Li deja mouri. Pa, pa pèdi tan ak sa ankò."

<sup>124</sup> E, o, se tankou ti kè l te defayi. Men li te gade epi l te wè je Jezi sa yo, li te di: "Èske M pat di w? Pa pè, si w vle wè glwa Bondye. Kisa w pè a? M te deja di w M ta prale."

<sup>125</sup> Li te deja di Li tap vini. Li te deja di Li t ap fè sa, e men L ap fè l. Amèn. Li te di Li t ap leve sou sèn lan nan dènye jou yo epi fè bagay sa yo jan Li te fè, jan nou te li yè swa epi te pale. Men L ap fè l. Kisa w pè a?

<sup>126</sup> Sonje, lè L te vini, epi L te rele l sot nan lanmò. Li te vini sou sèn lan epi te rele l sot nan lanmò.

Batime ti granmoun avèg la, yon fwa, te frape ak lè ki pi nwa li.

<sup>127</sup> Jezi te anba la a, te òganize yon dejene Òm Dafè Plen Levanjil anba la a nan-nan Jericho, e Li te gen Zache anba la a. Li te rankontre l nan yon pyebwa, laba nan lari a. Kidonk lè Li te . . . Ebyen, Li pa t ap òganize anyen lòt, m sèten. Ou wè? Kidonk lè sa a lè Li desann la a, epi Li—Li te genyen l, Zache te ale avè L.

<sup>128</sup> Batime ti granmoun avèg te avèg depi l te yon ti gason. Kidonk li te panse Jezi te ka soti nan pòtay sa a, epi li t ap tann. Apre yon moman li te tande anpil bri, ak tout moun ki t ap pase.

<sup>129</sup> E li te tande prêt la k ap di: "Ey! Ey, oumen, oumenm k ap monte bit la la a! Èske—èske—èske . . . Nou tande ke w leve mò

yo. Nou gen tout on simityè plen avè yo anwo isi a. Si ou se Mesi a, si ou se Mesi a, monte isi a epi leve mò sa yo.”

<sup>130</sup> Nou konnen, menm dyab sa a toujou ap viv, ou wè, nan fòm reliyion an, menm fason an. Ou wè?

<sup>131</sup> “Si ou se Mesi a, nou . . . leve mò yo; nou gen yon simityè plen avè yo anwo isi a. Vini.” E, o, tout moun ap rele. Youn ap rele: “Ozana pou Pwofèt la!” Yon lòt ap rele *sesi, sela*, oswa se *lòtbò*. Ala yon konfizyon!

<sup>132</sup> Mesye ti gramoun avèg sa a te panse: “O, m rate Li. Li sot pase laba, e m te panse Li t ap vin isi a. Yo te mete m nan move plas la.” Epi li pran rele. Li te panse: “Si Li se Pawòl la, Li se Bondye; se sa L dwe ye.” Kidonk: “O Jezi, Oumenm Fis de David, gen pitye pou mwén!” Nan lè detrès sa a, li te rele.

<sup>133</sup> Kounye a Jezi, si w ap note sa la, te nan Jericho. Kote yo te di li te chita, li te a on distans de san trannsèt mèt de kote Jezi te ye a. Ak plizyè milye moun k ap mache prese bò kote L, Li pa t ap ka tandem rèl nonm sa a. Non. Men Li te santi l. Li te kanpe.

<sup>134</sup> M vle preche, youn nan nwit sa yo: “Epi Jezi te kanpe.” O! “Epi Jezi te kanpe.” O!

<sup>135</sup> Men lè Jezi te kanpe, kisa l te ye? Li te rele l. Disip yo di: “Mèt lan vini. Pa akable,” “Li rele w. L ap rele w.” Li te rele l nan mitan foul sa a.

Li fè menm bagay la kounye a. Èske sa byen antre? Ou wè?

<sup>136</sup> “Mèt la vini epi Li rele w.” Epi L te rele l sot nan avèg al nan limyè, sot nan fènwa al nan limyè. E Li te rele l, Li te pase de lanmò al nan Lavi. “Mèt la vini epi Li rele w.” E lè Li te rele li, Li tounen ba li vizyon li.

<sup>137</sup> Ti madanm ak pwoblèm san an, yon fwa, anwo sou bit la, te depanse tout lajan li, ak doktè yo. Li, pa gen dout, yo te vann gwoup bêt la—la. Yo te vann fèm lan—lan, yo te ipoteke li. Yo te depanse tout sa yo te kapab ak doktè yo, okenn nan yo pat fè l okenn byen. Li te vin pi mal sou pi mal san rete. San an pa t ap rete. San rete, li te kontiye epi kontinye, li te vin pi fon epi pi fon.

<sup>138</sup> Epi yon jou, pandan li te chita la a ap fè triko, anwo sou bit lan nan kote li te abite a, li te gade anba nan vale an, epi li te wè yon bato ki antre. Tout moun kòmanse kouri: “Ozana bay Pwofèt la!”

<sup>139</sup> Li te tandem pale de Li. Lafwa vini nan tandem. Kounye a li te di: “Map desann epi fè yon gade Li.”

<sup>140</sup> Epi lè li te desann la a, epi an premye li te wè Pawòl Bondye a ki te manifeste nan lachè, te gen yon bagay sou pale Li ak aparans Li, ke li te konnen se te Li. Wi, mesye. “O, si m te ka sèlman atire atansyon L yon fason, si m te ka sèlman manyen Li yon fason!” Epi li te glise nan foul la epi l te manyen rad Li.

<sup>141</sup> Kounye a sonje, se pat dwèt li ke L te santi. Non, mesye, paske rad Palestinyen an pandye lage. E Li . . . yo s . . .

Pyè te di: "Tout moun te manyen W."

<sup>142</sup> Li te di: "Men sa se yon manyen diferan. M wè ke M te vin fèb."

<sup>143</sup> Jezi te vini. Lajan l te fini, tout bagay te fini; men nan lè fènwa sa a lè san an pa t ap kanpe, epi doktè yo pat ka kanpe l, Jezi vini. E kisa L te fè? Li te rele l. Li te gade nan viwonn lan jouk Li te jwenn li, epi L te di: "Ou te gen yon pwoblèm san, men li te kanpe."

<sup>144</sup> "Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan." "Mèt la vini epi L rele w. Li vini epi L te rele w." Li te rele l tounen nan lasante.

<sup>145</sup> Ti madanm nan pi an, ke nou te pale de li yè swa, tout lespwa te pèdi. Petèt, petèt senkyèm mari li te kite l, epi li te fèk pran sisyèm lan nwit sa a, e li—li te nan yon ti dout sou li. Moralman, li te fini. Li te vle pou l yon vrè dam; li, pa gen dout, li t ap li Bib la.

<sup>146</sup> E li ta pral laba a, ap monte nan zòn onzè. Li pat ka vin bonè nan maten lè fanm jis yo vini. E yo te bwote dlo yo anlè sou tèt yo, ak krich yo, epi yo te tounen desann. E kidonk li pat ka vini, mele avè yo. Yo, yo te gen yon separasyon de sa nan jou sa a, sa ki bon ak sa ki mal pat mele ansanm. Imoral yo te rete nan plas yo, kidonk li pat ka vini ak rès nan yo. Yo pa t ap kite l vini. Kidonk apre tout moun te pran dlo yo epi te tounen . . . Li vini pou miyò.

<sup>147</sup> Epi li monte la a ak po sa a sou tèt li, nanopwen dout li ta pral la a, ap panse, "Kounye a, nonm ke m te marye avè l la, oswa, te pran yè swa, m ap doute de li. Li se yon nonm, li aji tèlman dwòl. Mwen—mwen jis pa konnen sou li. M pa gen yon chans. Yo retire m nan sosyete a. È m pa ka al nan legliz sa yo, yo pa . . . Jis gade yo! M pa konn kisa pou m fè. M nan detrès. E m t ap li Bib la; sètènman, yon jou, Pwfèt sa a ap vin sou sèn lan. Kounye a m konnen yo pretann ke pa gen yon bagay konsa, e ke sa se 'petèt nan santan, ak nan mil an. Nou t ap tann li pandan plizyè milye lane, e li potko janm rive, kidonk nou p ap tann li kounye a.' Tout bagay sitèlman: 'O, non, nou gen legliz ak bagay. Nou pa bezwen anyen kon sa kounye a.'" Kidonk alò li ta pral laba a, ap panse.

<sup>148</sup> Nou konnen, lè nou panse a Li, se lè Li parèt ban nou. Tankou nou te wè yè swa, lè yo te sou wout yo pou Emayis.

<sup>149</sup> Lè li te panse sou bagay sa yo, li te tandem yon Nonm di: "Pote ti gout dlo pou M bwè."

<sup>150</sup> Sa k gen nan sa? Nan lè ki pi nwa l yo, lè moral li yo te pèdi. Petèt yon bél ti dam, te vire nan lari pou viv sa. Pafwa se pa fòt ti fi a, se fòt paran l yo, pou kite l soti konsa. E men l te la a, petèt tout ti bouk li yo ap pandye; li te vide, a prale la a, fatige,

epi pèsòn pat gen anyen pou wè avè l, timoun la, e petèt yon gwo istwa dèyè sa.

<sup>151</sup> Tout jan, m konn on sèl bagay, li te li Bib la, e li te kwè Bib la. E te gen yon ti semans ki lonje anba nan kè li, ki di: "Si sa janm rive, m ap konn sa." Li te predestine pou sa.

<sup>152</sup> Gade vye Jida sa a ki te kanpe la a epi ki te aji tankou sa l te fè a. Li te fè nwa anba nan fon kè l. Limyè a t ap klere anwo isi a nan zèv li yo, men anba nan kè l li pat kwè L. E men l te la a . . . Ou wè, Limyè a pat ka desann nan sa. Men men l te la a, li kwè, li te kwè L, men vi l te nan fènwa; lè Limyè a te frape, Li te retire fènwa a. Men lè Limyè a te frape anwo isi a, Li te met fènwa nan tout sa. Sa se diferans lan.

<sup>153</sup> Ou wè, li te fèt pou objektif sa a. Li—li te di, lè L te di li konbyen mari li te genyen, li . . . Kisa ki te rive? Li te vin eksite toudenkou konsa. Li te vin nan detrès. Li te di: "Mesye, mwen wè ke W se yon Pwofèt. M konnen ke lè Mesi a vini, L ap fè bagay sa yo."

<sup>154</sup> Lè sa a Li te rele l. Lè sa a Li te rele l. "Se Li Mwen ye, Li k ap pale avè w la." Li te rekonèt sa pa Pawòl Bondye a. Li te rele l sot nan peche l yo, pou al nan yon Lavi. E non l nan Bib la, e li gen Lavi imòtèl jodi a.

<sup>155</sup> Li ka rele w menm fason an, paske Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. La . . .

<sup>156</sup> Ya, moral li yo te ale, men li te toujou konnen ke Li te gen disèneman sa a. Li te konnen ke sa te dwe Mesi a. Alò lè Jezi te di: "Se Li Mwen ye, se Li Mwen ye," li te konnen se te sa.

<sup>157</sup> Yon fwa disip yo te nan bato a, tout lespwa te pèdi. Tanpèt yo, yo te ale lwen san Jezi, e tanpèt yo te jis—jis tankou sa te ye kay Laza a. Tout lespwa te pèdi. Vye ti bato a te plen ak dlo. E yo t ap rele epi ap kriye, epi petèt yo t ap lapriyè epi ap kontinye, epi zèklè a t ap flache, epi bato a te plen ak dlo, poto ma yo te tonbe, zavyon yo te kase, epi yo tap kenbe youn lòt, ap kriye.

<sup>158</sup> E nan vrè lè fènwa sa a, lè sa a Jezi vini ap mache la a. Men Li te sanble tankou yon lonbray pou yo. Li te parèt efreyan, tankou yon lespri, epi yo te rele ak laperèz.

<sup>159</sup> Se sa ki pwoblèm lan jodi a. Jezi vini nan lè sa nan lè fènwa w la, epi ou pè Li. Ou pa konn kisa L ye.

<sup>160</sup> Yo pat konnen kisa L te ye. Yo te di: "O, se yon lespri!" Yo t ap rele fò.

<sup>161</sup> Epi L te rele yo, Lite di: "Pa pè, se Mwen." Nan lè ki pi fènwa a, Jezi vini, Èd yo. Se fason Li toujou fè a, vini nan lè ki pi fènwa a. Alò Jezi te vini epi te manifeste Tèt Li, epi vin jwenn yo.

Pyè te di: "Si se Ou, di m vin sou dlo a."

Jezi te di: "Vini."

<sup>162</sup> Nou konn kisa, zanmi? Byento L ap vini pou sila yo nan dènye jou yo sa a. Kounye a, èske se pa etranj ke legliz la te rive nan lè fènwa sa a ankò?

<sup>163</sup> M pral di yon bagay isi a. Se pa yon doktrin. M jis ap pwofetize. Nou konn kisa ki te rive? Sa pral rive nan on kote, byento, make pawòl mwen, ke tout denominasyon pral dwe antre al jwen Konsèy Ekimenik la. Si yo pa fè sa, yo pa ka gen sipò Konsèy la. Pou rezon sa, pral gen yon bòykòt, e pèsòn pa ka al nan legliz sa yo, oswa al nan nенpòt legliz; sòf si ou gen yon mak ki sot nan pwòp legliz ou, ou pa ka achte oswa vann. Ou wè li jis menm jan l te ye a, se konsa li pral ye ankò, yon mak pou bët la. E legliz la, y ap reyalize sa, moun espirityèl.

<sup>164</sup> E noumenm moun Pannkotis yo, tout jan, n ap rekonèt li. Nou kòmanse santi l. Lè legliz nou yo, anpil nan òganizasyon Pannkotis yo; e m pa bezwen site non nou, men nou konnen kounye a menm y ap—y ap vini ladan l. Yo te fin temwen ke yo te fè sa. E lè nou fè sa, kisa nou pral dwe fè? Nou pral dwe abandone ansèyman Evanjelik nou de batèm Sentespri a. Nou pral dwe abandone doktrin nou de Bib la.

<sup>165</sup> E manm yo p ap kanpe pou li. Vrè Kretyen ne de nouvo yo ap prefere mouri, an premye. Pawòl la avèti yo. Yo konnen bagay sa a ap vini. Wi, mesye.

<sup>166</sup> E èske sa pa etranj? E dwat nan lè fènwa sa a, lè sa a Jezi vini epi rele nou, Li te di: “Piga nou vin pè. Se Mwen. M toujou avè nou. Mwen isi a pou manifeste Pawòl Mwen.” Menm jan Li te ye lè sa a, se konsa Li ye kounye a. Li te di Li tap fè sa. O la la! Mèt la vini epi Li rele nou.

<sup>167</sup> Anpil moun malad isi a, nanopwen dout, ke yo chita isi a, e doktè an te di nou pa gen okenn—okenn espwa pou nou. Nou ka nan lè ki pi fènwa nou, men, sonje, Mèt la vini epi Li rele nou.

<sup>168</sup> E yon jou, yon jou, Mèt la pral vini epi rele chak non ki ekri nan Liv Lavi Ayo a. Si pa nou yo pa la a, mete l la a kounye a, paske Li pral vini epi rele. Menm sila yo ki nan tonm lan va tande Vwa Li epi vini nan Lavi. Mèt la ap vini epi rele nou. E pandan L ap rele jodi a, reponn epi fè preparasyon pou Jou sa a, se konsèy mwen pou nou.

<sup>169</sup> Pwomès pou laj sa a, Li te pwomèt Li t ap isi a. Bagay ke L te fè yo, Li t ap fè yo ankò, e kounye a ankò Mèt la vini epi Li rele nou.

<sup>170</sup> Annou koube tèt nou. M gen apeprè sis paj an plis isi a, men m—m pa ka rive nan sa kounye a. Ann koube tèt nou. M te pwomèt pou m kite nou soti bonè, e li déjà yon kadè apre.

<sup>171</sup> Papa ki nan Syèl la, O Seyè, kite l rive ankò. Tout bagay sa yo ke m te di: “Jezi vini epi rele w.” Kisa L fè lè L vini? Li rele. E kite l rive ankò, Seyè. Kite Sentespri W la vini nan mitan moun yo aswè a, Seyè Jezi an nan fòm Lespri a. Kite L vini aswè a epi

revele Tèt Li, epi apre manifeste Tèt Li. Tankou moun sa yo, kijan yo te kwè, n ap kwè, tou, Seyè. Gen anpil isi a, petèt, ki pat jamm gen okazyon sa a. Nou priye ke W va akòde l ba yo ankò aswè a. Paske nou mande l pou glwa Bondye, nan Non Jezi. Amèn.

<sup>172</sup> Se vre, sè, men jis kontinye ak sa. Se byen. Kontinye. O, rete vrèman trankil, tout moun.

<sup>173</sup> Èske nou kwè Li vini? Li vini. Èske Li toujou rele lè Li vini? Kounye a si n ap jis sèlman kwè. Si n ap jis kwè Pawòl Bondye a, Bondye ap akòde l.

<sup>174</sup> Kounye a gade, m pa gen tan pou rele liy priyè a anwo isi a. M pral rele yo aswè a, laba a, si Seyè a vle. Mèt la vini. Li vini pou akonpli Pawòl Li nan dènye jou a. E sa L te ye lè sa a, se sa L ye jodi a. Sa manifestasyon oswa idantifikasyon Li te ye lè sa a, se sa l ye jodi a, paske Li toujou Pawòl Bondye a. Èske nou kwè sa? E Pawòl Bondye a se Youn ki Disène panse yo, entansyon kè a. E fason Li te fè lè sa a, se fason Li te toujou fè a. Li toujou menm lan. Si L te fè sa jis kounye a, èske nou t ap kwè Li? Èske sa t ap fè nou kwè Li?

<sup>175</sup> Noumenm moun yo ki la a kounye a, kite m gade an premye epi wè si gen yon moun ke m konnen, ki chita yon kote anndan isi a, ke m konnen.

<sup>176</sup> Tout sa ki nan alantou, bò *isi a*, ki pa konnen m, leve men nou anlè; nou konnen ke m pa konnen anyen sou nou, e nou malad, leve men nou anlè. M sipoze, tout moun. Trè byen, kounye a, nou kwè. Nou jis kwè ak tout kè nou. Pa doute. Gen lafwa. Kwè Bondye.

<sup>177</sup> M pral mande nou pou n rete vrèman trankil, rete chita. Piga nou deplase kounye a, tanpri pa fè l. Ou wè? Ou wè? Ou se yon—yon nanm, kò, ak lespri. E lespri w...E Sentespri a vrèman timid.

<sup>178</sup> Konbyen moun sonje, anpil lane de sa, ke Sentespri a, lè m vini bò isi a epi m te di nou? Lè m pran moun yo nan men, Li te di m disèneman sa a t ap vini, epi apre kontinye? Nou sonje l, sonje sa? Men Li te di: “Si w ka rive fè moun yo kwè w.” Sonje jou sa yo, plizyè lane pase? Nou dwe kwè.

<sup>179</sup> M wè yon nonm, m kwè se te anba isi a nan lòt reyinyon an, li te chita la a menm. E Sentespri a... M t ap gade l lè m t ap preche a. Li te yon nonm enfim. Li te gen beki anba bra li. E jis lè m te kòmanse fè apèl la, Satan vin jwenn nonm lan, yon lonbray nwa. E m te gade l ak pwòp je m. Li te leve epi li te mache soti. L ap toujou enfim, ou wè. E kidonk, li, kote li t ap geri la a menm si li jis—jis... Ou wè? Men, jis, m pa konn poukisa. M sipoze li te jis koute lènmi an. Men si nou te kanpe epi gade lonbray sa yo, wè bagay sa yo nan fòm, fason yo ye a, epi gade yo kijan yo fè. Ou wè, sa t ap...

<sup>180</sup> Kounye a, m pa ka geri. Nonm ki di nou li ka geri nou, li antò. Nou deja geri. Men, se rekonnèt Prezans Jezikri a. Kounye a si Mat te konnen ke si li te ka wè L ankò, ke li t ap jwenn dezi li, paske Li te Pawòl manifeste a, èske nou pa ka kwè otan konsa aswè a, pou kwè li? Sèten, nou ta dwe. Li vini. Li vini nan fòm Sentespri a. Se Kimoun Li ye a. Kounye a jis priye.

<sup>181</sup> Ou wè, anwo isi a, si m te gen yon moun ki kanpe isi a, isi a menm bò kote m, jis—jis ap priye; nou wè, tèlman anpil moun ap priye, se nan tout bildin lan. Nou jis dwe fè atansyon. Nou pa ka di: “Di, Frè Branham . . .” Non, mesye. M—m pat ka fè l, pa plis pase nou ka fè on rèv pou mwen. Ou wè? Nou ta ka reve. Nou, Bondye te ka fè nou fè on rèv sou mwen, nou kwè sa, men nou pa ka fè l noumenm. Nou pa ka di, ke: “Frè Branham, m pral fè on rèv sou ou kounye a.” Non, nou pa ka fè sa. Ni tou mwen pa ka wè yon vizyon. Nenpòt kimoun ki ban nou on rèv, se sila a ki pou fè l. Menm fason an li ye pou yon vizyon.

<sup>182</sup> M wè yon nomm ki chita isi a menm nan bout ranje a, ak atrit. Si l ap kwè ak tout kè l, Bondye ap geri l de atrit la. Èske ou kwè L ap fè l, mesye? Oumenm ki chita la a, nonm Meksiken an, ki chita nan bout ranje a, èske w ap kwè sa? Trè byen, mesye.

<sup>183</sup> Dam ki chita sou kote w la, li tou gen atrit, tou. Èske w kwè Bondye ap geri w, madam? (Èske sa gen yon eko tounen ladan l? M pè pou moun yo pa tandé sa.) N ap tandé? Trè byen.

<sup>184</sup> E lòt ti dam Meksikèn ki chita bò kote l la? L ap soufri ak on pwoblèm nan lestomak. Èske w kwè Bondye ap geri lestomak ou, madam?

<sup>185</sup> Li genyen l. Lè m wè Limyè sa a desann, sa vle di li te rive. Ya. Se sa. Li te frape l. Men L te la a, ap toubyionnen drèt toutotou . . . [Pati blanch sou kasèt—Editè a.] . . . sa fè l. Ou wè? Lè Li ka jwenn lafwa! Ou wè: “Anpil bagay Li pat ka fè poutèt enkredilite yo.”

<sup>186</sup> Men yon dam chita isi a ap priye, isi a menm. Li pè. Li ta dwe pè. Li gen yon kondisyon kansè, vrèman move. M pa konnen w, men Bondye konnen w. Èske w kwè ke Bondye ka di m kichòy sou kansè sa a, oswa yon lòt bagay? Gade m. Gen tèlman anpil la a k ap priye, ou wè, se pou sa m ap di l. Gade nou. Kounye a, wi, ou pa moun isi a, se pa lakay ou. Ou sot nan yon plas ki rele Porterville, California. Se vre. Èske ou kwè Bondye ka di m kimoun ou ye? Li konnen. Non w se Madam Wintham. Se vre. Kounye a kwè, e kansè a ap kite w. “Si w ka kwè.” Se tout sa Bondye mande nou pou n fè. “Si w ka kwè.”

<sup>187</sup> Èske nou pa kwè sa ak tout kè nou? Yon moun nan seksyon sa a anndan *isi a*, èske nou pa ka kwè? Mèt la vini epi l te rele nou. L ap rele nou sot nan lanmò al nan Lavi, sot nan maladi al nan lasante.

<sup>188</sup> Men yon nom chita drèt dèyè isi a, tèt bese, ap priye. Li vrèman p ap priye pou tèt li, l ap priye pou on lòt moun. Se yon—yon tifi. Se pitit fi l. Èske w kwè, mesye? Ou gen pwoblèm ak janm ou. Ou gen pwoblèm ak jenou w. Se vre. Pa bezwen kriye, se Li ki la a bò kote w. Pitit fi w la nan yon lopital, se pa vre? Ka tibèkiloz. Ou kwè. Ou kwè? Mèt la vini epi rele l. Èske w ap kwè, kòm papa li? W ap fè sa? Ke Li vizite l aswè a, ak oumenm. Ke sa fini.

<sup>189</sup> Men yon ti gason, ti gason figi koulè mawon. L ap soufri ak on maladi po, ak opresyon, yon ti gason Meksiken, gason Meksiken ki chita la a. Li pa moun isi a. Li soti San Jose. Èske ou kwè, gason m? Yon lòt bagay, papa w isi a avè w. Li se yon minis. Sa se vre. Èske w kwè Bondye ka di m ki non ou? Èske sa t ap fè w kwè vrèman fò? Non w se Reuben. Kounye a kwè. Um hum. Bondye ap fè w geri.

<sup>190</sup> Mèt la vini epi L rele w. O, pechè, o, moun malad, èske nou pa wè Mèt la ki manifeste nan yon èt imen, nan mitan kwayan yo? Li vin rele pitit Li yo ki kwè nan lasante. Li vin rele pechè a nan repantans. Retwograd, manm legliz, Mèt la vini epi Li rele nou.

<sup>191</sup> Èske nou kwè sa? Èske nou kwè l pou bezwen nou kounye a menm? Si nou kwè, leve men nou anlè, di: "M kwè pou bezwen mwen." Apresa leve kanpe sou pye nou kounye a epi asepte l. Mèt la vini epi Li rele w. È kèlkeswa moun ou ye a, pou kèlkeswa bezwen ou genyen, Mèt la vini epi Li rele w. Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

<sup>192</sup> Ti madanm sa a te antre nan vil la, epi li te di: "Vin wè yon Nonm Ki te di m kisa ki pat bon." Ou pat ale nan vil la. Ou vini epi ou te wè l, oumenm, kidonk Mèt la vini epi rele w.

<sup>193</sup> Leve men nou anlè epi louwe Li, epi di: "Seyè Jezi, m se yon pechè; padone m. M se yon retwograd; fè m tounen, Seyè. M bezwen Sentespri a; ranpli mwen. M malad; geri mwen. M enfim; fè m byen." Mèt la vini epi Li rele w. Leve men nou anlè kounye a epi ba L louwanj. Amèn.

<sup>194</sup> (Ban nou yon ti akò isi a: "M ap louwe Li, m ap louwe Li." Nou kunnen? *M Ap Louwe Li*. Nou konn sa, pa vre?)

Èske nou kwè?

M ap louwe Li, m ap louwe Li,  
O, louwe Ayo yo touye pou pechè yo;  
Ba Li glwa, nou tout moun yo,  
Paske San Li te lave retire chak tach.

<sup>195</sup> Nou renmen Li? Kounye a èske nou pa renmen chante ba Li pandan Li isi a? Li se yon Lespri k ap deplase toupatou nan bilding lan. Li kunnen kè nou, kunnen tout bagay sou nou. Ann chante l ba Li, ak tout kè nou.

M ap louwe Li . . .

Leve men nou lè nou fè l.

M . . .

Kounye a jis louwe Li.

. . . Louwe Li,  
O, louwe Ayo yo touye pou pechè;  
O, ba Li glwa, nou tout moun yo,  
Paske San Li te lave retire chak tach.

<sup>196</sup> O, madam, oumenm nan chèz woulant lan, si w ap jis kwè on tikal plis lamenm.

Mwen . . .

Ann eseye l yon fwa ankò. M ap tann on bagay.

M ap louwe Li, m ap louwe Li,  
O, louwe Ayo yo touye pou pechè yo;  
Ba Li glwa, nou tout moun yo,  
Paske San Li te lave retire chak tach.

<sup>197</sup> Kounye a pandan n ap chante sa ankò, vire tounen, pran men yon moun, pandan nou chante l, chante: "M ap louwe Li." Ale, tout ansanm kounye a.

M ap louwe Li, m ap louwe Li,  
Louwe Ayo yo touye pou pechè yo;  
Ba Li glwa, nou tout moun yo,  
Paske San Li te lave retire chak tach.

<sup>198</sup> O, zanmi pechè, èske nou p ap mache monte isi a kounye a? Monte epi ba Li louwanj, nou tout moun yo. Nou tout moun yo ki vle konfese Li kòm Sovè. Nan Prezans Li, pandan sen yo ap adore nan Lespri a, èske nou p ap vin isi a epi kanpe? Di: "M vle temwaye, aswè a. M vle ba Li louwanj. M vle vini. M pa wont Li. M vle mond lan konnen ke m asepte L kòm Sovè mwen, isi a menm pandan Li prezan." Vini pandan n ap chante l.

M ap louwe Li . . .

Èske nou p ap vini?

. . . m ap louwe Li,  
O, louwe Ayo yo touye pou pechè yo;  
O, ba Li glwa, nou tout moun yo,  
Paske san L te lave retire chak tach.

<sup>199</sup> O, se sa, madam, kontinye vin dwat. Ki lòt moun kap vini, nan Prezans Kris la? Monte dwat isi a, sè, kanpe isi a.

<sup>200</sup> Kèk lòt moun ki vle pou Li Sovè ou, touswit, ki pa wont. Li te di: "Si nou wont Mwen devan lòm, M ap wont nou devan Papa M ak sen Zanj yo." Si nou pa wont Li kounye a, epi nou vle L pou Sovè nou, pandan L isi a! Nou te wè Li. Sa tèlman pafè, Pawòl la Limenm fè yo konnen L. Monte pandan sen yo ap adore kounye a. Èske nou p ap monte?

<sup>201</sup> Bondye beni w, mesye. Men yon dam gramnoun vin isi a, ap rive nan yon vrè laj. Èske nou p ap vini kounye a?

M ap . . .

Chante l kounye a.

. . . M ap louwe . . .

<sup>202</sup> Se vre, jenn kanmarad yo, vini drèt alantou isi a. Jis louwe. Bondye beni w, madam, se fason sa pou fè li. Bondye beni nou, jenn yo.

. . . touye pou pechè yo;  
Ba Li glwa, nou tout moun yo,  
Paske San L te lave retire chak tach.

<sup>203</sup> Pandan minis yo pral jwenn moun sa yo kounye a èske yon lòt moun p ap vini? Retwograd, èske w ap vini, di: “M wont lavi m”? Men Li. Nou kwè mwen se sèvitè Bondye? Leve men nou. Ebyen, Jezikri nan mitan nou. Èske nou p ap vini?

Ba Li glwa . . .

Èske nou p ap vini, ba Li glwa?

. . . moun yo,  
Paske San Li te lave retire . . .

<sup>204</sup> Mat, èske w ap vini, oswa èske ou pral chita nan kay la ak Mari? Èske ou pral rete dèyè nan kèk òganizasyon, epi di: “O, legliz mwen pa kwè L fason sa a,” lè Kris te manifeste? Èske nou pral chita dèyè epi di sa, oswa èske n ap soti? “Ebyen, m ap di nou, lè mwen . . .” Non. Jodi a, se lè a. Lanmò pandye toutotou nou, tankou pitit fi Jairus.

<sup>205</sup> Vini kounye a! Retwograd, vini kounye a. Pechè, vini kounye a. Se lè a. Mèt la vini epi Li rele w. L ap rele w. Ou di: “Kijan m fè konnen?” L ap sèvi ak vwa m. Si Li sèvi ak vwa m pou di maladi, afliksyon ak bagay, èske nou pa konnen L ap rele tou pou peche? Soti! Vini kounye a, sa ka dènye okazyon n ap janm genyen an.

<sup>206</sup> Yon fwa ankò, gen plis anndan isi a ki ta dwe vini, zanmi. M pa vle anbarase nou, pou rele nou konsa. Sa pa kòrèk. Si n ap pafwa petèt . . . Farizyen sa yo te panse yo te sove, men yo pat sove. N ap panse menm bagay la. Vini kounye a.

<sup>207</sup> Se pou n sèten! Pa, pa jis pran yon mwatye chans sou li. Si gen yon ti dout nan lespri w, pa pran okenn chans. Vini kounye a. Kounye a se lè a, kounye a pandan Fontèn lan louvri, pandan Sentespri a isi a. Mèt la vini. Ti dout sa a, se sa L ap eseye di nou: “W ap doute.” Lage sa. Vini, kounye a. Mèt la vini epi Li rele w. Se vre, jis kontinye vini, kontinye vini dwat.

M ap louwe Li, m ap louwe Li,

Èske nou p ap vin ba Li louwan?

Louwe Ayo yo touye pou pechè yo;  
Ba Li glwa, nou tout moun yo,  
Paske San Li lave retire chak tach.

<sup>208</sup> Kounye a pandan pechè yo ap vini, pou asepte Li; kite moun yo ba Li louwanj, antan n ap chante l kounye a. Anlè ak men nou, chante pou louwe Li, kounye a, tout ansanm.

M ap louwe Li, m ap louwe Li,  
Louwe Ayo yo touye pou pechè yo!

<sup>209</sup> Jis ba Li louwanj! Noumenm moun yo ki toutotou isi a, priye, mande L pou L padone nou. Se sa L ap fè. Mèt la vini epi Li rele nou. Bondye beni nou.



*ALÒ JEZI TE VINI EPI LI TE RELE* CRE64-0213

(Then Jesus Came And Called)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle  
nan jedi swa, 13 fevriye 1964, nan Auditorium Elliott la nan Tulare, Kalifòni,  
Etazini, yo te prann a pati de yon anrejistremman kasèt mayetik ke yo te enprime  
konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice  
of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete 1 sou entènèt, ni anpile 1 sou yon lòt fòm, ni tradui 1 nan lòt lang, osinon itilize 1 pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatêt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfèmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)